





Vanjans gid sivo myèl la





 Zulu folktales

 Wiehan de Jager

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA

4


 kreyòl ayisyen 





Global Storybooks

globalstorybooks.net

Vanjans gid sivo myèl la

 Zulu folktales

 Wiehan de Jager

 ACE Haiti-University of Notre Dame USA




This work is licensed under a Creative Commons


[Attribution 3.0 International License.](https://creativecommons.org/licenses/by/3.0)

<https://creativecommons.org/licenses/by/3.0>







Sa a se istwa Ngede, yon gid siwo myèl, ak yon jenn gason visye ke yo rele Gingile. Yon jou pandan Gingile al lachas li tande yon apèl Ngede. Bouch Gingile kòmanse koule dlo lè li sonje siwo myèl la. Li kanpe pou'l koute pi byen, li chache jis li wè zwazo a sou pyebwa a sou tèt li. "Chitik-chitik-chitik," ti zwazo an tap chante. Li kontinye vole sou lòt pyebwa a "Chitik, chitik, chitik," li kanpe tanzantan pou'l gade si Gingile tap swiv li.




Aprè yon demi èdtan, yo rive pre yon gwo
pye fig frans. Ngède sote san gade dèyè
sou branch yo. Lè fini li rete sou yon grenn
branch epi li balanse tèt li tankou si lap di,
"Men li! Vini non! Vini kounyè a, kisa kap
pran konsa a?" Gingile pat kapab wè anyen
anba pyebwa a men li fè Ngède konfyans.



Se konsa Gingile depoze fizil lachas li anba pyebwa a, li rasanble kèk ti mòso branch enpi li limen yon ti dife. Lè dife an byen pran, li mete yon frenn byen long nan mitan dife a. Tout moun konnen ke bwa sa a fè anpil lafimen lè lap boule. Nedge kòmanse grenpe pyebwa a ak baton lafimen an nan dan li.




Nan yon ti moman, li kòmpanse tandè bwi
zèl gèp yo kap travay. Yo rantre soti nan
yon trou ki nan kò pyebwa a – nich yo. Lè
Gingile rive tou pre li kòmpanse balanse
baton lafimen nan trou pyebwa a. Gèp yo
kouri soti men yo te fache anpil. Yo vole ale
paske yo pat renmen lafimen an - men
anvan sa a yo pike Gingile byen fò!




Kidonk, lè pitit Gingile tandè istwa Ngedè a
yo respète ti zwazo a. Lè yal rekòlte myèl
yo toujou kite pigwo mòso a pour Gid siwo
myèl la.




Lè gèp yo fin sòti, Gingile mete men'l anndan nich la. Li pran yon pengn pou'l retire gwo ponyen siwo myèl rich ak tout grès blan anndan li. Li mete peny an ak prekosyon nan bèg ka ke li te gen sou zepòl li enpi li kòmanse redesann pyebwa a.



Gingile kouri desann pyebwa anvan Leyopa a bay li yon kout pat. Nan prese li te manke yon branch, li ateri ak yon gwo bwi enpi li foule pye li. Li pati kouri sou vye pye an. Chans pou li leyopa a te gen dòmi nan je'l. Se konsa gid siwo myèl la pran vanjans li. Gingile aprann leson li.




Ngede tap swiv ak anpil atansyon tout sa
Gingile tap fè. Li tap tann ke Ngede bay li
yon gwo mòso siwo myèl gra a enpi pou'l
ta di li mèsi. Ngede desann branch yo
rapid rapid jis li rive tou pre atè a. Lè
Gingile rive anba nèt, Ngede te kanpe sou
yon wòch tou pre lap tann rekonnans li.



Pandan Gingile ap grenpe lap mande tèt li
poukisa li pa tande bwè zèl gèp yo kap
travay. "Petèt nich la nan fon pyebwa a," li
vin reflechi. Li monte sou yon lòt branch
men olye nich la li jwenn bappoubap ak
yon leyopa! Leyopa a pat kontan paske li
tap dòmi lè yo vin deranje li. Li plise jè'l
enpi li louvri bouch li byen gran pou'l
montrè gwosè ak lajè dan li.



Men, Gingile etenn dife a, li ranmase frenn li epi li kòmanse mache pou'l ale lakay li san'l pa okipe zwazo a. Ngede byen fache tonbe rele "VIK-torr! VIK-torr!" Gingile kanpe, li gade ti zwazo a enpi li pete ri "Ou vle yon ti siwo myèl zanmi mwen? Ha! Men se mwen ki fè tout travay la enpi ki pran tout piki yo. Poukisa pou'm ta ba ou menm yon ti kras nan bèl siwo myèl sa a?" Enpi, li kontinye mache. Ngede te fache serye! Se pa konsa pou yo boule avèk li! Li deside pran vanjans li sou Gingile.



Yon jou, plizyè semèn pita, Gingile tande yon lòt apèl Ngede pou siwo myèl. Li sonje bon gou siwo myèl la enpi li swiv ti zwazo a yon lòt fwa ankò. Lè ti zwazo a fin mennen Gingile nan rebò rakkwa a, Ngede kanpe pou'l pran yon ti repo anba yon pye pikan. "Ah, gen lè se la nich la ye" Gingil byen vit fè ti dife epi li kòmanse grenpe pyebwa a ak branch lafimen an nan dan li. Ngede chita lap gade.